# Өзбекистан Республикасы
# Халық билимлендириў министрлиги

# Әжинияз атындағы
# Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

**2016-жыл «Саламат ана ҳәм бала жылы»на бағышлаған**
**«Илим ҳәм тәлим-тәрбия – жәмийеттиң интеллектуал айнасы»**
**атамасындағы Республикалық илимий**
**теориялық ҳәм әмелий конференция**
**МАТЕРИАЛЛАРЫ**




**2016 йил «Соғлом она ва бола йили»га бағишланган**
**«Фан ва таълим-тарбия – жамиятнинг интеллектуал кўзгуси»**
**мавзусидаги**
**Республика илмий-назарий ва амалий анжуман**
**МАТЕРИАЛЛАРИ**

**I бөлим**

**Нөкис-2016**

институтлары ҳәм тәлим шөлкемлери киреди. Миллий инновациялық системаны шөлкемлестириў, раўажландырыўда мәмлекет тийкарғы роль ойнайды. Мәмлекеттен оларды жеңиллестирилген салық салыў, туўрыдан-туўры финансластырыў, жеңиллестирилген кредитлерди ажыратыў ҳәм венчур фондларын шөлкемлестириў уқсаған илажлар менен оларды қоллап-куўатлаў мақсетке муўапық. Буның ушын санаат кәрханаларының инновациалық потенциаллық көрсеткишлерин анализлеўде инновациалық раўажланыўға өтиў зәрүрлигин белгилеўши факторлар ҳәм функционал ўазыйпаларды белгилеп алыў керек. Инновациялық раўажланыўға өтиў зәрүрлигин белгилеўши факторлар ҳәм функционаллық ўазыйпалар:

1. Факторлар: - экономикада дәўирлик характерине ийе болған финанслық-экономикалық кризислердиң ўақты-ўақты менен пайда болып турыўы;

- базар экономикасы шараятында хожалық субьектлериниң финанслық ғәрезсизлиги ҳәм бәсекеге шыдамлылықты тәмийинлеў;

- тәбийий экономикалық ҳәм минерал ресурслардың шекленгенлиги;

- миллий экономика тармақлары ҳәм тараўларындағы тийкарғы фондларының тозыўы дәрежесиниң жоқарылығы;

2. Функционаллық ўазыйпалар: - жәмийетте социал-экономикалық кризислердиң келип шығыўы ҳәм хожалық жүргизиўши субьектлердиң кризислерден шығыў ушын өз хызметлерине ойлап табыўшылық ҳәм жаңаша жақынласыўларды қоллаўдың әҳмийетли мәселеге айланыўы;

- базар қатнасыўшылары тәрепинен ислеп шығарылған товар ҳәм хызметлердиң бәсекеге шыдамлылығын тәмийнлеў мақсетинде ислеп шығарыўды модернизациялаў;

- ресурслардан үнемлеп нәтийжели пайдаланыў ҳәм усы мақсетте заманагөй технологиялар стандартлар ислеп шығарыўдың альтернатив усыллары;

- бәсекеге шыдамлылықты тәмийнлеў ушын тийкарғы фондларды жаңалаў.

Инновациялық раўажланыў дәрежесин жәмийет өмириниң экономикалық, социаллық ҳәм инновациялық хызмет тараўларындағы айырым көрсеткишлерге қарап анықлаў мүмкин. Егер мәмлекет экономикасында хожалық жүргизиўши субьектлер хызметине мәмлекет тәрепинен араласыўы пәс болса, бунда таза бәсеке, ғәрезсиз инвестициялық орталық ушын ҳуқықый, экономикалық, институционаллық шәрт-шәраятлар жаратылған болады.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. Каримов И.А. «2015-жыл жоқары өсиў пәтлери менен раўажланыў, бар имканиятларды иске салыў, реформалар стратегиясын даўам еттириў» Халық сөзи газетасы, 2015-жыл 16-Январь.

2. Умаров Н. «Озиқ-овқат саноатида тадбиркорлик фаолиятини ривожлантириш истиқболлари» Монография-Т. Фан ва технологиялар, 2014 й

# ҲӘЗИРГИ КҮНДЕГИ ӘДЕП–ИКРАМЛЫЛЫҚ МӘСЕЛЕЛЕРИНДЕГИ МАШҚАЛАЛАР ҲӘМ ОЛАРДЫ ШЕШИЎДЕ АТА-БАБАЛАРЫМЫЗ МИЙРАСЫНЫҢ РОЛИ

**Г.Каримбаева**

**Социал-гуманитар пәнлерди оқытыў методикасы (руўхыйлық тийкарлары) кәнигелиги 2-курс магистранты**

Жәмийеттиң раўажланыўының ҳәзирги басқышында белгили дәрежеде «қәдириятларды қайта баҳалаў»ға дыққат күшеймекте. Бурынғы аўқамның қәдириятлары системасының орнына жаңа система қәлиплеспекте. Бирақ бул

процесслер қарсылықсыз болып атырған жоқ, себеби глобалласыў жағдайында ҳақыйқый улыўма адамзатлық мораллық қәдириятлар менен бирге унамсыз, жат идеялар да сиңдирилмекте. Сол себепли мораль ҳәм дин ҳаққында фундаменталлық илимий билимлерге ийе болыў әҳмийетли. Әсиресе ол жетерли дәрежеде турмыслық тәжрийбеге ҳәм керекли билимлерге ийе болмаған жаслар ушын келип атырған хабарды дурыс баҳалаў бағдарында әҳмийетке ийе. Ғәрезсизликке ерисиўимиздиң арқасында кейинги жыллары халықтың мәдениятын ҳәм өзин аңлаўын жаңа тарийхый түсиниў тәрепине қарай үмитлеримизди беккемлейтуғын бурылыслар жүз берди. Усыған байланыслы, ҳәзирги ўақытта халықтың руўхый дүньясын байытыў, оларда әдеп–икрамлылыққа болған жаңаша унамлы қатнасты қәлиплестириў, ол ҳаққында тереңнен билимлерге ийе болыў ең әҳмийетли мәселелердиң бири есапланады.

Әдеп-икрамлы шахсты қәлиплестириў мәселесине келетуғын болсақ, бул жерде биринши нәўбетте шаңарақтың орнын айрықша атап өтиў тийис. Перзент шаңарақтан дәслепки әдеп-икрамлылық нормаларын алар екен, ол жерде қәлиплескен орталықтан келип шығып жәмийетлик қатнасықларға түседи. Жәмийетке унамлы яки унамсыз тәсир етиўинде, демек, шаңарақ айрықша тәсир жасайды. Өзбекстанның биринши Президенти И.А.Каримов бул ҳаққында: «Шаңарақ саламат болса – жәмийет беккем болады, жәмийет беккем болса – мәмлекет қүдиретли болады» - деп өзиниң «Жоқары мәнаўият – жеңилмес куш » атлы мийнетинде айрықша көрсетип өтеди. [ И.А.Каримов «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш ».57-бет] Бул пикирлерди басшылыққа алған халда әдеп-икрамлылықтың жәмийет раўажланыўында қәншелли дәрежеде әҳмийетли екенин айтып өтсек болады. Әдеп-икрамлылыққа, жақсылыққа умтылыў жәмийеттиң тийкарғы тиреги есапланады. Бул ҳаққында шайыр И.Юсупов та өзиниң мына қатарларында көрсетип өтеди:

Жақсы адамлар –бул дүньяның тиреги,
Ҳасла сен олардан бурма жузиңди,
Хақ нийет, хадаллық толы жүреги,
Сен оларға қарап дүзе өзиңди.

[ И. Юсупов. I том. Танламалы шыгармалары. Жақсы адамлар.111-бет]

Әдеп – улыўма инсаный мәдениаттың қурамалы бөлеги, этикалық келбети, мәнаўий бәркамаллығының тийкарғы шәрти. Ана тилимизде әдеп пенен байланыслы болған ҳикметли сөзлер, нақыл-мақаллардың бар болыўы әдептиң миллий мәнаўиятымыздың үстинлери екенин тастыйықлайды. Мәселен, «Әдепти әдепсизден үйрен», «Әдепли бала елге татымлы » х.т.б Әдепке қарама-қарсы түсиниклер сыпатында қаралатуғын: әдепсизлик, жалған сөйлеў ҳәм жалатайшылық, өсек айтыў өтирик сөйлеу, урлық, тәкаббырлық, жала жабыў булардың барлығы мәнаўий жақтан жарлылықты билдириўши түсиниклер болып есапланады.

Бул мәнаўий жарлылыққа алып келиўши факторларды айтатуғын болсақ, биринши нәўбетте инсанның мораллық искерлигине тоқталып өтиў тийис. Инсан өз искерлигин алып барыў барысында таңлаў еркинлигине ийе есапланады. Инсан усы таңлаў еркинлиги себепли ҳәр қәдемде мораллық таңлаў машқаласына дус келеди. Инсан өз искерлиги даўамында я жақсылықты , я жаманлықты таңлаўы арқалы қандай да бир нәрсени қәлейди. Бунда мораллық таңлаў шешиўши роль атқарады ҳәм бул инсанда жуўаркершилик сезими бар екенлигинен дерек береди. Өзге инсанлар ҳәм өз ҳүжданы алдында жуўапкершиликти сезбеген инсан қәлеген

иске қол урыўы мүмкин – оны өз қылмысының ақыбети қызықтырмайды, ол тек ғана өз мәпин ғана тән алады ҳәм ол инсан  жалған сөйлеўи де, жалатайшылық ислеўи  де, урлыққа қол урыўы да мүмкин.

Уллы бабамыз Абу Райхан Беруний өз шығармаларында инсанның руўхый камалатына айрықша тоқтап өтеди. Ол инсандағы жаман қәсийетлерди каралай отырып, былай дейди: «Көре алмаслық пенен ғәзеп еки қанат болып ҳәрекетке келсе, тынық хәм шырайлы өмирди көримсиз етип жибереди». [Ахмад Мухаммад Турсун. «Ҳикматлар китоби» 247-бет]

Дәслепки шығыс ренессансы ўәкили, уллы ойшыл А.Фарабий өзиниң «Пазыл адамлар қаласы» шығармасында жақсылық хәм жаманлық  түсиниклерине айрықша тоқтап өтеди. Оның пикиринше инсанның камалаты ушын хызмет қылған, қайыр-сақаўатлы ислер, гөззал инсаный пазийлетлерди жақсылық деп есаплайды. Инсанның кәмиллигине тосқынлық қылыўшы ериншеклик, бийкаршылық, жалған сөйлеўшилик сыяқлы жаман әдетлер, билимсизлик, санасызлық сыяқлы кемшиликлерге жаманлық деп қаралып, адамларды оннан абайлаўға шақырады. Инсанның руўхый келбети ҳаққында айта отырып, руўхый жетик киси келбетине билим, илим, әдеплилик сәйкесленип барыўы керек.

Жуўмақластырып айтатуғын болсақ, инсанды тәрбиялаў, оны мораллық тәрептен қәлиплестириў қурамалы, соның менен бирге жуўапкершиликли ўазыйпа есапланады. Ҳәр бир инсанның әдеп-икрамлылық тәжирийбеси турақлы түрде байып барыўы керек болған хәзирги дәўирде ата-бабаларымыздың уллы мийрасларын уйрениў ҳәм олардан жуўмақ шығарып, сабақ алған ҳалда өз искерликлерин әмелге асырыў халқымыз алдындағы әҳмийетли ўазыйпаларынан деп билемен.

**Әдебиятлар:**

1.И.А.Каримов «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш ».

2.Ахмад Мухаммад Турсун. «Ҳикматлар китоби».

3.И. Юсупов. I том. Танламалы шыгармалары. Жақсы адамлар.

## ETNOLOGIYA FANINI O’QITISHNING USUL VA USLUBLARI

**T. A. Kudyarova - docent**

**NDPI, tarix o`qitish metodikasi kafedrasi**

Har bir fan o`zining maxsus usuli va terminalogiyasiga ega. Etnologiya fani ham mustaqil fan sohasi sifatida boshqada ijtimoiy fanlar singari zamonaviy fan yutuqlariga tayanadi va dolzarb muammolarni o`ziga xos usul va vositalrga asoslangan holda hal qiladi. Etnologik usluvni aniqlab olish uchun, dastavval, unga xos maxsus atamalarni bilish zarur. Etnologiyaning asosiy tadqiqiy ob`ekti kishilikning tarixiy birligi hisoblangan «xalq» yoki «etnos» tushunchasi turlari, moddiy va ma`naviy madaniyatining turli tomonlari, ijtimoiy va oylaviy maishiy turmush muammolari va ijodiy faoliyati kabi hayotiy muammolarni qamrab oladi.

Ma`lumki, xalq degan tushuncha ancha keng ma`noga ega. Ba`zan xalq deb bir to`p kishilarni yoki ma`lum sonli ommani tushunsak, ba`zan bir necha elat va millatlar yashaydigan davlat yoki mamlakat aholisini tushunamiz. O`zbek klassik adabiyotida «xalq» so`zi ekki ma`noda: yaratish, borlik yoki odamlar, deb ta`riflanadi [1:367]. Aslida etnologiyada fanida muayyan xududda joylashgan, tili, kelib chiqishi, moddiy va ma`naviy madaniyati, turmush tarizi va tashqi umumiy xususiyatlariga ega bo`lgan tarixiy birlikni anglatadigan xalq ma`nosida «etnos» atamasi ishlatiladi. Har bir etnos o`zining

## МАЗМУНЫ:

**Оразымбетов Қ.К.** Илим ҳәм тәлим-тәрбия – жәмийеттиң интеллектуал айнасы…………………………………………………………………………….. 3

## 1 СЕКЦИЯ
## СОЦИАЛ-ГУМАНИТАР ИЛИМЛЕР

**Базарбаев Ж.** Аль Ғаззалийдиң ислам илаҳиятындағы орны………………… 6
**Якубов М.А., Абаев С.А.** Идеологиялық иммунитетти тәрбиялаў – идеялық тәлим-тәрбия жумысының баслы ўазыйпасы................................................... 10
**Абдуллаева Я., Н. Нуруллаева, А. Абдуллаева** Ўзбекистоннинг янги тарихини ўрганишнинг долзарб масалалари…………………………………… 12
**Юсупов О., Абдуллаева З.** Қарақалпақстан тарийхын мектеплерде оқытыў 15
**Аметов А.** Ибн Сино дөретиўшилигиниң дүнья жүзлик әҳмийети………….. 16
**Базарбаева Г.** Юрт ободлиги ва тинчлигига таҳдид қилувчи кучлар ……… 17
**Bekbergenov A.** Tarix fanlarini o`qitishda kartina va illyustratsiyalar bilan ishlashni loyihalashtirish……………………………………………………… 19
**Юсупов О., Узаков А.Ж.** Кегейли районының тарийхый ҳәм мәдений мийрас обектлери ҳаққында…………………………………………………. 21
**Мадреймов Ф.** Тарийх пәниниң изертлеўлеринде арнаўлы-тарийхый усыллардың қолланылыўы……………………………………………………. 22
**Tılewmuratov M., Amanbaev T.G.** L.S.Tolstova – qaraqalpaq xalqınıń etnograf alımı…………………………………………………………………………….. 24
**Jarilkaganov Ch.A., Abdijamilov F.** Luxury tax, foreign practice and the theory of its imposition in Uzbekistan……………………………………………………. 26
**Тлеумуратов М.** Айдос бий басшылығындағы халық азатлық көтерилиси… 27
**Каленов К., Алиева Г.** Мәмлекетимиз экономикасының диверсификация-ланып барыўы…………………………………………………………………….. 30
**Алиева Г.** Қишлоқларда ижтимоий инфратузилма тармоқларини ривожлан-тириш………………………………………………………………………..….. 31
**Аметов А.** Әмир Темурдың мәмлекетти басқарыўдағы сиясаты……………. 33
**Аметов А.** Әжинияз шайырдың дөретиўшилигинде гуманизм идеяларының сәўлелениўи………………………………………………………………… 34
**Тлеумуратов М., Қалжанов П., Қуниязов Х.** И.А.Каримов шығармалар-ында халқымыз тарийхы мәселелери………………………………………… 35
**Жаксимов И.** Қарақалпақстан республикасы руўхый үгит-нәсият орайының пуқаралық жәмийети шөлкемлери менен бирге ислесиўдеги хызмети........... 37
**Алымов Қ.** Тәлим-тәрбияда мәнаўий ағартыўшылықтың орны …………….. 39
**Сейтмуратов Қ.** «Авесто» жазба естелигинде экологиялық мәденият ҳәм мәнаўият мәселелери…………………………………………………………….. 40
**Қәлимбетов Б.И., Жарылкаганов Ч.А.** Санаат кәрханаларының инновациялық потенциялының көрсеткишлериниң анализи………………… 42
**Каримбаева Г.** Ҳәзирги күндеги әдеп–икрамлылық мәселелериндеги машқалалар ҳәм оларды шешиўде ата-бабаларымыз мийрасының роли…….. 43
**Kudyarova T. A.** Etnologiya fanini o’qitishning usul va uslublari………………. 45
**Атамуратова М.** Ғәрезсизлик ҳәм миллий қәдириятлар……………………… 47
**Отенов Н.** Мәмлекетимизде миллетлер-ара татыўлық…………………….. 48